

DISPOZITIF NIKLEYÈ ENPWOVIZE YO (IND)

Yon dispozitif nikleyè enpwovize [improvised nuclear device (IND)] se yon zàm eksplozif nikleyè. Malfètè ka vòlè pyès zàm oubyen materyèl nikleyè pou yo konstwi yon bonm IND epi fè bonm nikleyè sa a eksplode. Byenke IND yo pa gen menm fòs frap ak zàm nikleyè nan tan lagè fwad yo, yo ka blese moun ak koze destwiksyon trè grav.

Yon eksplozyon nikleyè enplike yon eklatman k ap pwodui ond limyè, chalè, ak lè entansivman. Tout bagay ki nan vwazinaj imedyat eksplozyon an ap detwi. Anplis dega fizik yo, yon eksplozyon IND ap degaje materyèl radyoaktif tou. Pousyè ak debri sa ki kreye yo ap monte anlè pou yo fòme yon nyaj ki sanble ak yon djyondjyon anlè zòn eksplozyon an. Lè pousyè ak debri sa yo tonbe soulatè, nou rele yo retonbe. Retonbe an danje paske li gen materyèl radyoaktif ladan li. Van an ka pòte materyèl radyoaktif sou anpil distans alawonn.

Yon IND ap kreye flach limyè tou moun ka wè a yon distans 10 mil oubyen pi lwen. Flach sa a ka koze avègleman pèmanan oubyen tanporè pandan plizyè segond ou plizyè minit. Plizyè rafal van vyolan rapid pral suiv flach lan tousuit, yo ka koze efondreman kay ak mòso glas ak lòt debri k ap vole ale blese moun. Dechaj aletrik ak manyetik ka andomaje sikui elektrik ak lòt sistèm enèji yo.

JAN POU OU PWOTEJE TÈT OU AK LÒT MOUN APRE DETONASYON YON BONM IND:

- Pa eseye kite zòn lan imedyatman apre eksplozyon an. Si ou nan yon oto, chèche abri nan biling sa ki pi prè ou lan, kay an brik ou an beton yo ideyal. Rete kalm. Pa pèdi tèt ou
- Pwoteje tèt ou ak lòt moun kont retonbe radyoaktif yo:
 - Chèche abrite ou anndan kay pandan omwen 12 zè, epi ale nan nivo ki pi ba nan biling lan, epi rete lwen fenèt ak pòt yo
 - Izole biling lan pou van ak lè deyò an pa antre anndan li: Fèmen è kondisyone an, aparèy chofaj ak ventilatè yo; fèmen founo chofaj ki anndan an
 - Pwoteje tèt ou otank posib, kouvri nen ou ak bouch ou ak yon twal pou ou pa respire ak vale pousyè radyoaktif
 - Se sèlman manje ak dlo ki byen fèmen pou ou manje ak bwè
 - Pinga ou manje manje frèch ki nan lokalite an, pinga ou bwè dlo ki ekspose nan zòn lan, jiskaske otorite yo enfòme ou pa gen danje ankò
- Tande enstriksyon ofisyèl yo, suiv direksyon ijans radio ak televizyon ap difize yo
- Aplike premye èd yo lè ak kote li nesesè pou ou fè sa. Netwaye ak kouvri tout kote kò an blese
- Si ou ekspose a retonbe yo, ou dwe dekontamine kò ou. Si ou suiv mach sa yo, sa ap elimine yon bòn kantite radyasyon ki ka sou ou
 - Pinga ou touche lòt moun. Lè moun touche lòt moun, sa ka lakòz radyasyon yo simaye
 - Retire vètman ou te gen sou deyò ou yo, chanje soulye ou yo tou
 - Pa fè vètman yo pase atravè tèt ou. Si se nesesè, coupe yo pou ou ka anlve yo
 - Si se posib, mete vètman yo nan yon sak an plastik, epi byen fèmen sak sa a. Asire ou ke ou kouvri tout kote ki blese oubyen grafonyen yo lè ou travay ak bagay ki kontamine, pou ou ka evite pou materyèl radyoaktif yo pa ale nan blesi an yo
 - Mete sak plastik byen fèmen an yon kote pou moun pa touche li. Kenbe li la jiskaske otorite yo di ou kisa pou ou fè ak li
 - Lè pa gen danje, pran yon bon douch, lave tout kò ou otank posib ak anpil dlo ak savon



PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov
 facebook.com/MarylandOPR
 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov
 facebook.com/MarylandDHMH
 twitter.com/MDHealthDept



MARYLAND DEPARTMENT OF HEALTH
**Office of Preparedness
and Response**

Updated 04/2019